



## AVI POLITIK

**Tit Politik:** Founiti Sèvis Edikasyon Ekip Itineran nan Pwogram Swen Timoun

**Nimewo Politik la:** FO-25-04

**Dat Piblikasyon:** 13 Out 2025

**Dat li Efektif:** 1ye septanm 2025

**Lyen pou Politik la:** [<https://www.mass.gov/doc/itinerant-team-educational-service-provision-0/download>]

---

## APÈSI

Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Piti Massachusetts la (EEC) sipòte enklizyon konplè timoun ki gen andikap nan tout anviwònman ki reglemante pa ajans lan, nan asire timoun ki gen Pwogram Edikasyon Pèsonalize yo (IEPs) gen aksè a sipò nesèsè yo san obstak atravè sèvis itineran yo.

EEC ankouraje patenarya kolaborasyon ant pwogram swen pou timoun ak distri lekòl lokal yo atravè Ekip Itineran yo, pwofesyonèl ki bay sèvis pou timoun laj preskolè ki gen IEP yo epi sipòte anviwònman aprantisaj enklizif nan pwogram swen timoun ki baze nan kominote a. Anplis de bay sèvis ki baze sou IEP ki adapte pou satisfè bezwen yon timoun endividyèl, Ekip Itineran yo souvan bay sipò edikasyon jeneral ak enstriksyon pou tout gwoup timoun yo pandan vizit nan kad pwogram swen timoun yo.

Politik sa a eksplike egzijans distri lekòl yo, Ekip Itineran yo, ak pwogram swen timoun ki baze nan kominote a dwe swiv pandan y ap fasilite sèvis itineran yo.

## APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout pwogram gadri kominotè ki gen lisans ak finansman k ap patisipe nan sèvis Ekip Itineran Lekòl Piblik yo.

## SIJÈ ESANSYÈL YO

- Egzijans pwotokòl dakò (MOU) Distri Lekòl Piblik - pwogram swen timoun
- Règleman verifikasyon dosye pase EEC (BRC)
- Konsantman ak Notifikasyon Paran / Responsab Legal
- Kondisyon Jeneral sèvis Ekip Itineran an
- Règ konsènan plent pou move tretman ak neglijan

## RESOUS

- Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye Pwogram Gwoup ak Laj Lekòl ki gen Lisans (Mizajou septanm 2025 k ap vini an)
- Lis Verifikasyon Anplwaye Pwogram ki Baze nan Sant (mizajou septanm 2025 k ap vini an)
- **Fòm Konsantman pou Paran / Responsab Legal: Timoun k ap Resevwa Sèvis IEP nan men yon Ekip Itineran** [<https://www.mass.gov/lists/itinerant-team-services-forms>]: (founisè swen timoun yo ka adapte echantiyon Fòm Konsantman sa a pou pwogram yo a)
- **Fòm Notifikasyon an Dezenskripsyon pou Paran / Responsab Legal: Sèvis Ekip Itineran yo** [<https://www.mass.gov/lists/itinerant-team-services-forms>]: (founisè swen timoun yo ka adapte Fòm Notifikasyon ak Dezenskripsyon sa a pou pwogram yo a)